



## **ENFÒMASYON OATH POU PWOPRIYETÈ RESTORAN YO**

**Kilè yo ap vin enspekte Restoran mwen an?** Chak etablisman pou sèvis manje nan NYC resevwa yon enspeksyon nan kote yo baze a, san anons omwen yon fwa chak ane. Enspektè a kapab vizite nenpòt moman restoran an ap resevwa oswa prepare manje oswa bwason, oswa lè li ouvè pou piblik la.

**Èske mwen kapab pa dakò ak sa enspektè a di a?** Wi. Lwa New York City ba ou dwa pou ou defye nenpòt obsèvasyon oswa konklizyon enspektè an nan yon odyans administratif, ki fèt nan OATH.

**Kijan ye detèmine Klasman Lèt mwen an?** Chak vyolasyon Kòd Sante NYC an, oswa lòt lwa, règ oswa règleman NYC yo remake nan yon enspeksyon genyen koneksyon ak yon kantite "pwen." Plis vyolasyon an reprezante yon danje pou popilasyon an, se plis pwen ki genyen koneksyon ak li. Nan fen enspeksyon an, pwen yo ap ajoute youn sou lòt pou jwenn yon nòt jeneral enspeksyon. Nòt jeneral enspeksyon ki pi ba yo gen lyen ak pi bon klasman lèt ak sanksyon ki pi piti. Lis klasman lèt yo parèt konsa: yon nòt jeneral soti nan 0 rive 13 pwen = yon klasman A; 14 rive nan 27 pwen = Klasman B; epi 28 oswa plis pwen = Klasman C.

**Remak:** Plis nòt enspeksyon ou an piti, se mwens vizit enspeksyon Depatman Sante an ou ap jwenn. Si ou resevwa mwens pase 14 pwen nan premye enspeksyon nan ane an, ou resevwa yon klasman final A rapid vit epi nenpòt oswa tout sanksyon enspeksyon an ap efase. Si ou resevwa 14 oswa plis pwen pandan premye enspeksyon ou nan ane an, yo ap enspekte ou ankò. Ou ap resevwa yon "kat klasman" ak yon "kat atant klasman." Ou kapab afiche tou de kat yo jiskaske jou odisyon OATH ou an rive. Si ou resevwa mwens pase 14 pwen nan lòt enspeksyon an, tout sanksyon yo nan enspeksyon espesifik sa a ap efase.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, al gade:

- <https://www1.nyc.gov/assets/doh/downloads/pdf/rii/how-we-score-grade.pdf>
- <https://www1.nyc.gov/assets/doh/downloads/pdf/rii/restaurant-grading-penalty-relief-faq.pdf>
- <https://www1.nyc.gov/site/doh/business/food-operators/letter-grading-for-restaurants.page>

**Remak:** Yo pa bay inite lavant manje mobil yo, etablisman sèvis manje tanporè yo, etablisman sèvis manje lekòl primè oswa segondè opere yo, kafeterya lopital yo, etablisman koreksyon yo, òganizasyon charite yo (tankou kizin soup yo oswa lòt pwogram distribisyon manje yo) oswa etablisman sèvis manje òganizasyon manm san pwofi ki sèlman bay manm yo manje yo Klasman Lèt.

Vyolasyon yo kapab "grav" oswa "jeneral" sa pral depann ki ris li genyen sou sante piblik la. Vyolasyon ki pi grav yo resevwa plis pwen. Vyolasyon yo kapab genyen nivo "kondisyon" ki diferan youn ak lòt. Pa egzanzp, si pandan yon enspeksyon yo te remake restoran ou an genyen 3 mouch ki konn poze sou fwi yo, sa ap pèmèt yo ba ou yon nivo "kondisyon" ki pi ba pase si yo te remake restoran ou an genyen 20 mouch ki poze sou fwi yo. Plis "kondisyon" an wo, se plis pwen ou resevwa epi sanksyon ou an ap pi grav. Si ou kwè "kondisyon" an enspektè a dekri an pa kòrèk, ou genyen dwa pou ou prezante sa devan yon Ofisye Odyans OATH pandan odyans ou an.

**Remak:** Yon klasman diferan kondisyon pou majorite vyolasyon DOHMH yo disponib kòmmanse nan paj 8 nan dokiman DOHMH la ki rele "Ki sa pou ou espere lè yo ap enspekte ou (What to Expect When You're Inspected)", ki disponib la: <https://www1.nyc.gov/assets/doh/downloads/pdf/rii/blue-book.pdf>

**Kijan yo kalkile nivo sanksyon yo kapab banm lan epi ki nivo li ka rive?** Sanksyon potansyèl la gen gwo koneksyon ak kantite vyolasyon yo konstate, epi tou si yo "grav" oswa "jeneral" epi ak "kondisyon" yo konstate an. Chak vyolasyon endividyèl yo remake kapab ouvè sou yon sanksyon. Sanksyon yo se lalwa ki mete yo epi yo kapab sòti \$200 rive \$2000. Sanksyon yo kapab pi wo si yo mete ou nan kategori ofansè "repete".

**Èske genyen yon moun ki kapab ede mwen prepare tèt mwen pou Odyans OATH mwen an?** Si ou pa genyen yon avoka oswa yon reprezantan pwofesyonèl ou peye, OATH ap ba ou opòtinite pou ou pale ak yon Kowòdinatè Jistis Pwosediral - Sant Asistans OATH la, GRATIS, ki ap kapab ba ou enfòmasyon ak resous legal yo pou ou prepare tèt ou pou odyans ou an nan OATH. Moun sa yo kapab ba ou enfòmasyon sou pwosesis odyans lan, opsyon ki disponib pou ou yo, epi reponn kesyon ou ta kapab genyen yo. Pou planifye yon randevou ak yon Kowòdinatè Jistis Pwosediral nan Sant Asistans lan tanpri kontakte Sant Asistans OATH la an pèsòn nan nenpòt sit OATH, sòti Lendi rive Vandredi, sòti nan 8:00am rive 5:00pm, nan nimewo telefòn sa a: (212) 436-0845, oswa nan adrès imèl sa a: [Smallbizhelp@oath.nyc.gov](mailto:Smallbizhelp@oath.nyc.gov).